



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE GAD NASYONAL POU SIPÒTE EFÒ
SIPPRESYON DIFE NAN PAK ETA MINNEWASKA**

***Deplwaman gen ladann de elikoptè Black Hawk ki kapab jete 600 galon dlo
alafwa, ansanm ak kontenjan ponpye***

***Forest Rangers Eta ap dirije kòmandman milti-ajans nan kad ensidan Eta, lokal,
Gad Nasyonal, ak asistans Quebec pou reponn ak pwopagasyon ensandi***

***Videyo Gad Nasyonal la k ap fè operasyon sipresyon ensandi ayeryen disponible
[isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a deplwaman Lame New York ak Gad Nasyonal Ayeryen an, ansanm ak yon kantite lòt resous, pou sipòte plis efò sipresyon ensandi nan dife nan forè nan 52 - 60 ekta dife forè k ap boule kounye a nan Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska (Minnewaska State Park Preserve). Apati jodi a, de elikoptè UH-60 Black Hawk nan Gad Nasyonal Lame a ak ekipaj ki gen twa moun, ki kapab jete 600 galon dlo alafwa, te kòmanse operasyon ayeryen yo, pandan y ap deplwaye yon kontenjan ki gen senk ponpye ki soti nan Gad Nasyonal Ayeryen an. Forest Rangers (Gad Forè) Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a, an koperasyon ak Konte Ulster, ap sèvi kòm Kòmandan Ensidan yo, ak plis pase 200 ponpye ak volontè forè, ki gen ladan Gad Forè, resous lokal pou repons fas ak ensandi, ak anlwaye ki soti nan DEC, Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Aviyasyon Lapolis Eta New York (New York State Police Aviation), ak State Fire ap konbat ensandi a.

Anplis de sa, 20 ponpye Kanadyen ki soti Quebec, ki garanti atravè Kontra pou Pwoteksyon kont Ensandi nan Forè Nòdès (Northeastern Forest Fire Protection Compact) la, ta dwe rive jedi. [Kontra](#), ki te etabli nan ane 1940 yo, bay eta manm li yo ak pwovens yo mwayen pou fè fas ak ensandi ki ta ka depase kapasite yon sèl manm atravè aktivite pataj enfòmasyon, teknoloji ak aktivite pataje resous (èd mityèl).

"Pandan ensandi forè kontinye ap ravaje atravè Pak Eta Minnewaska, mwen ankouraje chak Nouyòkè pou yo pran prekosyon sansib pou kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite",

Gouvènè Hochul te deklare. "Mwen remèsye tout premye sekouris brav, ajans patnè ak vwazen brav nou yo k ap travay 24/24 pou pwoteje kominote nou yo."

Konplèks ensandi Shawangunk la gen twa dife nan rejyon an epi repons lan ap dirije pa kòmandman ensidan Napanoch la. Ensandi Napanoch Point lan nan Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska te kòmanse pandan wikenn nan akòz yon kout loraj yo sispèk epi ensandi a sou 52 - 60 ekta tè. Yo te detekte yon dife ki pi piti apeprè 3 km nan lès ensandi Napanoch Point lan, ki rele Stony Kill, epi li sou apeprè 0.32 ekta tè. Ensandi Wurtsboro nan vil Mamakating te kòmanse tou nan fen semèn epi li environ 28 ekta tè.

Minnewaska rete fèmen jiska nouvel èd. Pa gen okenn rezidans ki afekte nan moman sa a. Pou pran anpil prekosyon pou pwoteje rezidans ki pwòch ensandi Napanoch Point lan, Forest Rangers DEC yo ak volontè anlwaye yo pral byento travay nan vil Warwarsing toupre Berme Road pou mete yon liy ensandi ijans an plas. Yo pral fè yon reyinyon kominotè nan Oditoryòm Ellenville Junior/Senior High School nan 28 Maple Avenue nan Ellenville jodi 30 out la, a 7 p.m. Sa a pral yon opòtinite pou rezidan yo ak lòt moun ki nan zòn ki afekte yo pou poze kesyon sou repons fas ak ensandi ki kowòdone a.

Depi lè ensandi a te kòmanse, yon efò kowòdone resous eta ak lokal yo te sou teren an pou eseye etenn ensandi yo. Ponpye yo ap travay nan yon kòmandman inifye konjwen ki dirije pa Forest Rangers Eta. Forest Rangers gen anpil eksperyans nan kòmandman ensidan ak estrateji prevansyon kont ensandi akòz fòmasyon vast yo ak [misyon koperasyon yo pou lite kont ensandi nan forè](#) ak lòt eta. Lòt resous milti-ajans yo enkli Aviyasyon Lapolis Eta New York, ki te vole de elikoptè depi dimanch epi ki te lage apeprè 120-180 so dlo ki kenbe 300 galon dlo pa jou. Chak nan de elikoptè Black Hawk nan Gad Nasyonal yo te jete 12 so dlo chak èdtan, yon total 24,600 galon, depi lè yo te deplwaye a. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la te deplwaye tou Ekip Jesyon Ensidan (Incident Management Team, IMT) Eta a ak plizyè ekspè kominikasyon ijans pou bay plis sipò. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) te aktive Plan Mobilizasyon Ensandi ak Èd Mityèl Eta ak Sant Operasyon Ensandi a pou asire kowòdinasyon alè resous adisyonèl yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Atè ak nan lè a, Forest Rangers DEC yo ak ponpye ekspè nan forè yo ap mete an pratik plizyè èdtan yo pase nan batay kont ensandi nan forè isit la nan New York ak nan eta lwès yo. Ponpye sa yo konsantre sou pwoteje piblik la epi travay pou metrize dife a. Jiskaske nou jwenn gwo lapli, dife sa yo pral kontinye boule. Nou bezwen chak moun fè pati pa yo epi fè atansyon ak ensandi a. Alòske dife sa a te kòmanse ak yon kout loraj, pi fò nan dife nou te wè ete sa a te kòmanse ak yon dife kan san siveyans. Si ou pa bezwen fè yon dife, pa fè sa. Vejetasyon ki trè sèk la ka limen prèske imedyatman."

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Mwen rekonesan pou anpil ajans ak pèsònèl ki te entèveni pou pwoteje yon resous natirèl ak lwazi ki gen anpil valè. Ponpye yo ap travay nan kondisyon difisil pou metrize dife sa a - fè fas ak tèren

difisil ak kondisyon metewolojik difisil. Mwen felisite yo tout paske yo prese aji byen vit pou ede."

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Premye sekouris New York yo konplètman kowòdone ak patnè lokal nou yo e malgre tèren difisil ak kondisyon metewolojik yo, pwofesyonèl devwe sa yo p ap repoze jiskaske dife sa yo etenn. Pandan sitiyasyon sa a ap kontinye evolye, n ap kontinye mete tout resous posib disponib pou asire ke bèl pak eta a ak kominote ki antoure yo pwoteje."

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta a ap voye Ekip Jesyon Ensidan (IMT) Eta a, ansanm ak ekspè kominikasyon ijans ki soti nan Biwo Entèfonksyonman ak Kominikasyon Ijans (Office of Interoperable and Emergency Communications) Divizyon an. IMT a se yon ekip milti-ajans/milti-jiridiksyonèl ki ka deplwaye oswa aktive lè sa nesèsè pou jere yon ensidan oswa yon evènman san danje, yon fason efikas ak efisyan, kèlkeswa kòz, gwosè, oswa kompleksite a.

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare, "Inite Aviyasyon nou an ap kontinye kowòdone ak lòt ajans eta ak lokal sou tèren an pou bay sipò ayeryen pou ede metrize ensandi yo. Pilòt nou yo gen fòmasyon espesyalize pou konbat dife nan forè epi yo pral kontinye fè misyon lage dlo jan sa nesèsè jiskaske dife yo anba kontwòl."

Majò Jeneral Raymond Shields, Jeneral Adjwen New York lan, te deklare, "Manm Gad Nasyonan New York nou an fè fòmasyon epi prepare tèt nou pou sipò ponpye potansyèl pou premye sekouris nou yo. Travay ansanm ak Patnè ajans eta ak lokal nou yo pote fleksibilite nan repons ponpye a. Fòmasyon ak kapasite militè nou yo bay tèt yo nan misyon tankou sa a epi nou pa ka tann pou gen yon kontwòl rapid ak san danje dife sa yo."

Sipèvizè Vil Wawarsing lan, Terry Houck, te deklare, "Mèsi ak Gouvènè Hochul, ajans Eta yo, ak tout premye sekouris k ap travay 24/24 pou konbat flanm dife sou Shawangunk Ridge la. Kominote nou an rekonesan pou travay k ap fèt pou kenbe sitwayen nou yo an sekirite."

Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Patrick K. Ryan te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak tout premye sekouris yo ki te travay san pran souf pandan ensandi sa a. Nou pral kontinye travay pou limite pwopagasyon dife a epi mwen mande tout rezidan yo pou yo sonje sezon sèk nou ladan an epi pran prekosyon ki nesèsè yo pou redwi chans pou gen plis ensandi."

Eta New York ap siveye ak anpil atansyon kondisyon metewolojik yo pandan yon van ap antre nan Eta a soti nan lwès. Pandan ke yo ka espere kèk lapli, kantite lapli a pa prevwa gen yon enpak siyifikatif epi li ka mennen nan kondisyon defavorab tankou gwo van ak kout loraj.

Rejyon Hudson Valley ak Catskill New York yo rete nan gwo risk pou ensandi ([gade Kat Danje Ensandi aktyèl la](#)), sa vle di ensandi deyò gen posiblité pou pwopaje byen vit, sitou si van an leve. Dife ka vin grav epi difisil pou kontwole sòf si yo metrize yo avèk siksè pandan yo piti.

Aktyèlman yo entèdi tout dife kan ak boukan dife anplèn nan Pak Eta nan Rejyon Mid-Hudson lan. Vizite parks.ny.gov pou plis enfòmasyon.

DEC kontinye ankouraje Nouyòkè yo ak vizitè yo pou yo swiv rekòmandasyon ki anba yo pou diminye risk ensandi forè.

Pandan yo nan kan nan forè, nou konseye Nouyòkè yo pou:

1. Sèvi ak bag dife ki egziste deja kote sa posib.
2. Monte dife nan kan lwen branch ki pandye yo, pant apik yo, souch pouri yo, mòso bwa, zèb sèk ak fèy. Anpile bwa anplis yo lwen dife a.
3. Netwaye zòn nan alantou bag fèy, brendiy ak lòt materyèl ki ka pran dife.
4. Pa janm kite yon dife kan san moun k ap veye. Menm yon ti briz ka lakòz dife a gaye byen vit.

Pou jwenn enfòmasyon sou sekirite boukan dife anplèn ak dife nan New York, ale nan paj wèb [Boukan Dife Anplèn nan New York](#) ak [Sekirite kont Ensandi nan Kan](#) DEC la. Pou plis kesyon sou dife nan forè, rele 1-833-NYS-RANGERS epi rele 911 pou rapòte yon dife forè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418